

Pòtoprens, Ayiti, 8 avril

KOMINIKE POU LAPRÈS

Chèf kwizin meksiken Eric Daniel González Torres te fè yon vizit nan Pòtoprens soti 29 mas pou rive 5 avril. Pandan vizit sa a, li te mennen plizyè aktivite pou fè pwomosyon kwizin meksiken an, an kolaborasyon ak pwofesyonèl ayisyen yo.

Pandan sejou li a, chèf González Torres te anime sesyon fòmasyon pou chèf ayisyen yo, avèk objektif pou pataje istwa ak teknik kwizin gastronomi meksiken an. Yo te òganize tou yon klas ouvè pou tout moun ki te vle aprann plis sou kwizin meksiken an.

Vizit chèf la antre nan kad efò pwomosyon kiltirèl Anbasad Meksik an Ayiti ap fè, pou fè restoran ayisyen yo konnen richès ak divèsite gastronomi meksiken an, ki rekonèt kòm patrimwàn kiltirèl imateryèl limanite pa UNESCO, epi tou pou ranfòse lyen kiltirèl ak pwofesyonèl ant de peyi yo.

Pwofesyonèl chèf meksiken an te fòme yo ap travay nan restoran nan Pòtoprens ki pral patisipe nan Semèn Gastronomi Meksiken an Ayiti 2026, ki pwograme soti 30 avril pou rive 6 me.

Pandan edisyon 2026 Semèn Gastronomi Meksiken an, ki pral prezante ofisyèlman byento, tèm nan pral enspire pa vil ki ap akeyi ak ko-akeyi Koup di Mond FIFA 2026 nan Meksik, pandan y ap entegre yon dimansyon pwomosyon touris pou fè piblik ayisyen an vin pi pre divèsite rejyonal peyi a.



48, Rue Métellus, 1er étage, Pétion Ville, Port-au-Prince, 6140, Haïti Tel: +509-2229-1040
embamex.sre.gob.mx/haiti